**Ájiniyaz atındaǵı NMPI 2024-jıl ushın 03.00.05 – «Botanika» qánigeligi boyınsha stajyor-izleniwshilikke qabıllaw komissiyası májilisiniń**
**№ 1 PROTOKOLÍ**

**Nókis qalası.** 28-noyabr 2023 jıl

***Qatnasqanlar:*** *NMPI Ilimiy isler, hám innovaciyalar boyınsha prorektorı R.Eshmuratov komissiya baslıǵı, b.i.f.d. (PhD) docent U.Kudaybergenova komissiya aǵzaları b.i.k. docent M.Baltabaev, (PhD) G.Kutlımuratova xatker (PhD) B.Tilewmuratova hám talaban E.Allamuratov*

**Kun tártibinde:**

1. Nokis mámleketlik pedagogika institutına 2024-jılı ushın 03.00.05 – «Botanika» qánigeligi boyınsha stajyor-izleniwshilikke óz xújjetlerin tapsırǵan talaban E.Allamuratov stajyor-izleniwshilikke qabıllaw.

**Bildiriw:** NMPI Ilimiy isler hám innovaciyalar boyınsha prorektorı R.Eshmuratov 2024-jılı ushın 03.00.05 – «Botanika» qánigeligi boyınsha stajyor-izleniwshilikke hújjetlerin tapsırǵan talaban E.Allamuratov menen «Sáwbet» tiykarında tańlaw ótkeriliwi atap ótildi. Bul boyınsha tańlawǵa bekitilgen komissiya aǵzalarınan: komissiya baslıǵı (PhD) docent U.Kudaybergenova tańlawda qatnasıp atırǵanlıǵın málim etti. Komissiya aǵzalarına dóretiwshilik qábiliyetine iye, ilimli hám ılayıqlı talabandı tańlap alatuǵınlıǵına isenim bildirdi.
**Shıǵıp sóyledi:** Komissiya baslıǵı (PhD) docent U.Kudaybergenova tańlawǵa qatnasıp atırǵan talabanǵa sáwbetlesiw qaǵıydaları hám tártipleri haqqında maǵlıwmat berdi hám áwmetler tiledi. Sońınan (PhD) docent U.Kudaybergenova komissiya aǵzaları docent M.Baltabaev, (PhD) G.Kutlımuratova botanika iliminde aktual esaplanatuǵın tómendegi ilimiy hám dóretiwshilik isleri boyınsha sáwbetlesiwdi usınıs etti.
1. Qurǵaqshılıqqa shıdamlı Ústirtte ósiwshi Poacear Barnhart tuxımlasına kiriwshi mádeniy ósimliklerdiń jabayı tuwıslarınıńn wakillerinen mısal ayt?
2. Poacear Barnhart tuxımlasına kiriwshi mádeniy ósimliklerdiń vegetaciya dawiri qashan baslanadi?
3. Qaraqalpaqstan Ústirtinde ósiwshi mádeniy ósimliklerdiń jabayı tuwıslarınıń biologiyası, ekologiyası hám xalıq xojalıǵındaǵi áhmiyeti?

4. Ózleri tańlaǵan ilimiy jumısı temasınıń aktuallıǵı, mashqalaları hám ilimindegi áhmiyeti ?
5. Ilimiy teması boyınsha pánge kirgizetuǵın jańalıqları ?

Talabanlarǵa tayarlanıw ushın 20 minut waqıt berildi. Sońınan komissiya baslıǵı (PhD) docent U.Kudaybergenova komissiya aǵzaları docent M.Baltabaev, (PhD) G.Kutlımuratova tárepinen talaban E.Allamuratov menen jeke tárizde sáwbetlesiw alıp barıldı qosımsha sawallar berildi hám juwaplar alındı. Bunnan soń komissiya quramı ózleriniń juwmaqlawshı pikirlerin birdirdi.

Kún tártibindegi másele boyınsha bildiriw hám shıǵıp sóylewlerden soń

**Qarar etedi:**

1. Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı stajyor-izleniwshilikke 2024-oqıw jılı ushın 03.00.05 – «Botanika» qánigeligi boyınsha óz hújjetlerin tapsırǵan talaban E.Allamuratov sáwbetlesiw barısında óziniń teoriyalıq iliminiń hám ilimiy-dóretiwshilik qábiletiniń joqarılıǵın kórsetkenligi atap ótilsin;
2. NMPI Ilimiy bólimnen talaban sáwbetlesiwdi ótkergen komissiya quramı tárepinen talaban E.Allamuratov 03.00.05 – «Botanika» qánigeligi boyınsha stajyor-izleniwshilikke qabılaw usınıs etilsin;
3. NMPI Ilimiy bóliminen bul usınıstıń orınlanıwı boyınsha qarar qabıl etiwi soralsın.

**Komissiya baslıǵı:** **(PhD) docent U.Kudaybergenova**

**Komissiya aǵzaları** **docent M.Baltabaev**

**(PhD) G.Kutlımuratova**

**Xatker:** **(PhD) B.Tileumuratova**